

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Pangajaran mangrupa prosés pikeun nyangking élmu. Prosés diajar diwangun ku tilu tahapan, nya éta tahap informasi (prosés anu ngajelaskeun medar atawa nu ngarahkeun ngeunaan prinsip-prinsip pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep), tahap transformasi (prosés peralihan atawa pindahna prinsip-prinsip struktur kana diri peserta didik ngaliwatan informasi), jeung tahap évaluasi.

Pangajaran basa ngawengku opat kaparigelan nya éta nulis, maca, nyarita, jeung ngaregepkeun. Salasahiji kaparigelan basa nu kudu diajarkeun ka siswa nya éta pangajaran nulis. Pangajaran nulis mangrupa kagiatan nu teu bisa dipisahkeun tina pangajaran basa jeung sastra Sunda. Kagiatan pangajaran nulis téh ngarojong siswa sangkan aktif jeung kréatif dina ngaéksprésikeun sagala rupa idé anu aya dina pikiranana kana wangun tulisan. Tujuan pangajaran nulis nya éta sangkan siswa miboga kamampuh nulis.

Dina observasi munggaran nalika panalungtik ngalaksanakeun Program Latihan Profesi (PLP) di SMPN 2 Lembang taun 2015, panalungtik ngalaksanakeun obsérvasi jeung praktik ngajar di sababaraha kelas. Dumasar kana hasil panalungtikan di lapangan, pasualan dina pangajaran basa téh nya éta kiwari murid di SMP lolobana can parigel dina kagiatan nulis basa Sunda. Katitén dina hasil tulisan anu dijieun ku siswa nalika aya pancén nulis. Siswa can bisa nyieun paragraf anu padu sarta can bisa nyieun kalimah sacara bener boh dina undak usuk basana boh dina éjahan. Ieu hal jadi tinimbangan pikeun dilaksanakeunana panalungtikan.

Salian ti hasil pancén nulis, dumasar hasil wawancara ka salasaurang guru basa Sunda di SMP Negeri 2 Lembang, nétélakeun yén dina opat kaparigelan basa, lolobana siswa teu mampuh dina kagiatan nulis. Kamampuh siswa dina pangajaran nulis téh masih kurang, boh dina numuwuhkeun ide, imajinasi, undak usuk basa, éjahan. Nalika nulis sajak, lolobana siswa can bisa ngébréhkeun idé

Maria Julianti, 2016

Média Photostory Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

atawa gagasan anu aya dina pikiranana, siswa masih kénéh kudu dirangsang nalika nulis sajak. Salian ti éta, nalika nulis sajak lolobana siswa henteu ngalarapkeun unsur-unsur sajak saperti majas, diksi, citraan, jsb. Kekecapan dina nulis sajak masih ngaguluyur saperti wangun lancar. Cindekna, ieu pasualan téh aya dina pangajaran nulis sajak. Anapon hasil tina pangajaran nulis siswa saperti dina tabél ieu di handap.

Tabél 1.1
Peunteun Nulis Basa Sunda Kelas VII-H
Semester Ganjil Taun Ajaran 2015/2016

No.	Peunteun	Jumlah Siswa	Persentase (%)
1.	90-100	0	0 %
2.	80-89	2	6,1 %
3.	75-79	5	15,2 %
4.	<75	26	78,7%
Jumlah		33	100 %

Dumasar kana tabél di luhur katitén yén 78,7 % siswa can bisa nulis sajak hartina leuwih ti satengahna siswa can bisa nulis sajak, ku sabab kitu kudu aya tarékah pikeun ngaronjatkeun pangajaran nulis sajak. Pikeun ngaronjatkeun pangajaran nulis sajak, guru diperedih kudu bisa nyiptakeun suasana diajar anu hadé. Ku sabab kitu, panalungtik nyieun tarékah pikeun ngungkulan éta pasualan.

Salasahiji tarékah pikeun ngaronjatkeun pangajaran dina nyiptakeun suasana diajar anu hadé bisa maké média pangajaran. Média pangajaran nya éta hiji hal anu bisa mawa informasi jeung pangaweruh dina interaksi anu lumangsung antara pendidik jeung peserta didik. Média pangajaran anu ngirut bisa ngaronjatkeun karep siswa nalika diajar.

Média anu bisa digunakeun dina pangajaran aya tilu wanda nya éta média visual, audio, jeung audio-visual. Salasahiji média anu bisa digunakeun dina pangajaran nulis téh nya éta média visual. Salasahiji média visual téh nya éta média *photostory*. Média *photostory* mangrupa média foto anu ngaruntuy jadi carita. Ayana foto-foto dina média *photostory* dipiharep bisa ngastimulus siswa numuwuhkeun idé atawa imajinasina sarta ngébréhkeun dina wangun tulisan anu

ngaguluyur dumasar urutan foto sangkan jadi paragraf anu padu. Salian ti éta, ieu média dianggap bisa numuwuhkeun sumanget diajar siswa sarta ngarojong dina ngaronjatkeun kamampuh nulis. Ku sabab kitu, panalungtik baris maké média *photostory* dina prosés pangajaran nulis sajak pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak siswa.

Anapon panalungtikan saméméhna nu medar perkara média *photostory* nya éta “Média Photostory pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak” ku Tyas Agung Pratama (2014). Hasil panalungtikanana kapaluruh kacindekkan nya éta média *photostory* bisa ngaronjatkeun pangajaran nulis jeung kamampuh nulis siswa dina nulis sajak. Anu ngabédakeun jeung panalungtikan saméméhna nya éta dina sumber data jeung métode panalungtikanana. Dina panalungtikan saméméhna maké métode ékspérimen, dina ieu panalungtikan mah baris maké métode Penelitian Tindakan Kelas (PTK). Panalungtik baris ngalaksanakeun Penelitian Tindakan Kelas ngeunaan “Média *Photostory* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak (Penelitian Tindakan Kelas ka Siswa Kelas VII-H SMP Negeri 2 Lembang Taun Ajaran 2015/2016)”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur dicindekkeun yén masalah dina ieu panalungtikan nya éta kurangna karep jeung pangabisa siswa dina kagiatan nulis. Masalah anu baris dipedar ku panalungtik nya éta ngeunaan nulis sajak sarta pikeun ngarojong pangajaran nulis sajak. Ku sabab kitu, sangkan teu lega teuing ambahanana, ieu masalah dina ieu panalungtikan téh diwatesanan, nalungtik ngeunaan média *photostory* anu dilarapkeun ka siswa kelas VII-H SMP Negeri 2 Lembang taun ajaran 2015/2016 pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

Maria Julianti, 2016

Média Photostory Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a. Kumaha rarancang pangajaran nulis sajak maké média *photostory* ka siswa kelas VII-H SMP Negeri 2 Lembang?
- b. Kumaha prak-prakan pangajaran nulis sajak kalayan maké média *photostory* ka siswa kelas VII-H SMP Negeri 2 Lembang dina tiap siklus?
- c. Kumaha hasil pangajaran nulis sajak kalayan maké média *photostory* ka siswa kelas VII-H SMP Negeri 2 Lembang dina tiap siklus?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum anu baris dihontal nya éta ngaronjatkeun kualitas atikan, utamana dina pangajaran nulis sajak kalayan maké média *photostory* dina raraga ngaréngsékeun pasualan pangajaran nulis sajak di kelas VII-H SMP Negeri 2 Lembang.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskripsikeun

- a. rarancang pangajaran nulis sajak maké média *photostory* ka siswa kelas VII-H SMP Negeri 2 Lembang;
- b. prak-prakan pangajaran nulis sajak kalayan maké média *photostory* ka siswa kelas VII-H SMP Negeri 2 Lembang dina tiap siklus; sarta
- c. hasil pangajaran nulis sajak kalayan maké média *photostory* ka siswa kelas VII-H SMP Negeri 2 Lembang dina tiap siklus.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta sangkan leuwih jero neuleuman rupa-rupa média pangajaran basa Sunda hususna dina pangajaran nulis sajak, sarta nambahan pangaweruh yén média *photostory* bisa dilarapkeun dina pangajaran nulis sajak.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- a. Pikeun siswa nya éta ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa, ngajadikeun siswa leuwih parigel dina mekarkeun idé nu aya dina pikiranana, sarta ngaronjatkeun imajinasi jeung apresiasi siswa kana karya sastra husuna sajak.
- b. Pikeun guru nya éta mikanyaho efektivitas média *photostory* sangkan satuluyna bisa digunakeun jadi salasahiji média pangajaran dina nulis sajak.
- c. Pikeun prosés pangajaran nya éta nambahan informasi ngeunaan média pangajaran basa jeung sastra Sunda, hususna dina pangajaran nulis sajak maké média *photostory*.
- d. Pikeun panalungtik nya éta mekarken kreativitas dina pangajaran basa jeung sastra Sunda ka siswa, hususna dina pangajaran nulis sajak maké média *photostory*.

1.5 Raraga Tulisan

Eusi ieu skripsi ngawengku lima bab, anu dijerona ngébréhkeun ngeunaan penjelasan-penjelasan anu sistematis dumasar kana maksud judul bab anu diébréhkeun. Dina bab I dipedar ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan. Dina bab II dipedar ngeunaan média *photostory* jeung pangajaran nulis sajak. Dina bab III dipedar ngeunaan desain panalungtikan, *setting* panalungtikan, ngumpulkeun data, jeung analisis data. Dina bab IV dipedar ngeunaan hasil jeung pedaran pangajaran nulis sajak maké média *photostory*. Dina bab V dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung rékomendasi.